# PAXTA ShIYKI ZATÍ HÁM MASAQLÍ DÁN JETISTIRIWDI QARJÍLANDÍRÍW SISTEMASÍN TÚP-TIYKARÍNAN JETILISTIRIW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Bazar qatnasıqların keńnen engiziw jáne awıl xojalıǵında qarjılandırıw hám óz-ara esap-sanaqlar mexanizmlerin túp-tiykarınan jetilistiriw, sol tiykarda awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwshiler hám olarǵa xızmet kórsetetuǵın kárxanalardıń qarjı-ekonomikalıq jaǵdayın jaqsılaw, rentabelligin arttırıw, jetistirilip atırǵan ónimlerdiń kólemleri turaqlı ósiwin támiyinlew maqsetinde:

Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi, Ekonomika ministrligi, Awıl xojalıǵı ministrligi, Ózbekstan fermer, diyqan xojalıqları hám qıytaq jer iyeleri keńesi, «Ózpaxtasanaat» akcionerlik jámiyeti hám «Ózdánónim» akcionerlik kompaniyasınıń:
a) 2008-jıl 1-marttan baslap óndiriwshilerdiń rentabelligi artıwın hám joqarı sapalı ónimler jetistiriwdi xoshametlewdi támiyinleytuǵın sortlar hám klasslar boyınsha paxta shiyki zatı hám masaqlı dán satıp alıw boyınsha kepillik berilgen mámleketlik bahalardı belgilew;

b) topıraqtıń ónimdarlıǵı tómen hám sońǵı 3 jıl dawamında zúráátlilik gektarına 15 centnerge shekem bolǵan jerlerde paxta shiyki zatına mámleketlik buyırtpa jaylastırmaw haqqındaǵı usınıslar maqullansın.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám rayonlar hákimleriniń usınısları tiykarında usı bántke muwapıq bosaytuǵın jerlerde awıl xojalıǵı eginlerin, bárinen burın azıqlıq hám maylı eginlerdi ornalastırıw, miywe-ovosh hám sharwashılıq joybarların ámelge asırıw haqqında eki hápte múddette húkimetlik qarardı qabıl etsin.

Paxta shiyki zatı hám masaqlı dán ushın úzil-kesil, esap-sanaqlar zúráát jıynap alatuǵın jıldıń aqırına shekem tolıq kólemde ámelge asırılatuǵını; awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwshilerge hám avtomobillerge janılǵı quyıw shaqapshalarına tikkeley shártnamalar boyınsha satıw ushın dizel janılǵısı hám EKO dizel janılǵısınıń Ministrler Kabineti tárepinen belgilenetuǵın birden-bir usaqlap satıw bahaları 2018-jıldıń aqırına shekem bolǵan dáwirde ámel etetuǵını;

mineral tóginlerdi satıw Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen belgilenetuǵın ayrıqsha shártler esapqa alınǵan halda birja sawdalarında ámelge asırılatuǵını;

fermer xojalıqları hám suw tutınıwshıları associaciyalarınıń nasos agregatları tárepinen jumsalatuǵın elektr energiyasınıń bahası Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen belgilenetuǵın tártipte Mámleketlik byudjetten subsidiyalardıń esabınan qaplanatuǵını belgilep qoyılsın.

3. Paxta shiyki zatı hám masaqlı dán jetistiriwshi fermer xojalıqlarınıń xızmet kórsetiwshi shólkemler aldındaǵı 2018-jıl 1-yanvardaǵı jaǵdayǵa bola júzege kelgen qarızların, sonıń ishinde, ishki tarmaq qarızdarlıǵı jáne byudjet hám mámleketlik maqsetli qorlar aldındaǵı qarızların tólew múddeti esaplanǵan penya hám járiymalar esaptan shıǵarılǵan halda 3 jıl múddetke sozdırılsın.
Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti paxta shiyki zatı hám masaqlı dán jetistiretuǵın fermer xojalıqlarınıń byudjet, mámleketlik maqsetli qorlar, xızmet kórsetetuǵın shólkemler aldındaǵı 2018-jıl 1-yanvardaǵı jaǵdayına bola júzege kelgen qarızları, sonıń ishinde, ishki tarmaq qarızları bir ay múddette jalpı xatlawdan ótkeriliwin, sonday-aq, onı tártipke salıw boyınsha tiyisli ilajlar kóriliwin támiyinlesin.

4. Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi, Ekonomika ministrligi, Awıl xojalıǵı ministrliginiń:
Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Awıl xojalıǵı ónimleriniń mámleketlik satıp alınıwı hám awıl xojalıǵın texnika menen úskenelewdi maqsetli qarjılandırıw qorın Awıl xojalıǵın mámleket tárepinen qollap-quwatlaw qorına (keyingi orınlarda Qor dep ataladı) aylandırıw hám onı Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi qaramaǵına beriw;

paxta talshıǵına jáhán bahalarınıń keskin tómenlewi múmkin bolǵanı ushın paxta talshıǵına preyskurant hám jáhán bahaları arasındaǵı unamlı ayırmashılıq summasınıń esabınan Qordıń qamsızlandırıw esap betin qáliplestiriw haqqındaǵı usınısına kelisim berilsin.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti bir hápte múddette:
sortlar hám klasslar boyınsha paxta shiyki zatı hám masaqlı dán satıp alıwdıń mámleket tárepinen kepillik berilgen bahaların tastıyıqlawdı;

mineral tóginlerdi birja sawdalarında satıwdıń arnawlı shártlerin;

fermer xojalıqları hám suw tutınıwshıları associaciyalarınıń nasos agregatları paydalanılatuǵın elektr energiyasınıń bahasın qaplaw ushın Mámleketlik byudjetten subsidiyalar ajıratıw tártibin;

2018-jıldıń zúráátí paxta shiyki zatı hám masaqlı dán jetistiriw boyınsha agrotexnikalıq ilajlar óz waqtında ótkeriliwin támiyinlew ushın Qordan ajıratılatuǵın kredit resurslarınıń kólemlerin rayonlar boyınsha belgilewdi;

qarjılıq resurslar ajıratılıwı hám olardan maqsetli paydalanıwı, awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw ushın zárúr bolǵan janılǵı-maylaw materialları, mineral tóginler, ximiyalıq qorǵaw quralları jáne basqa da resurslar hám xızmetler óz waqtında hám tolıq kólemde jetkerip beriliwi, dúzilgen shártnamalar shártlerine ámel etiliwi, sonday-aq, óz waqtında esap-sanaq etiliwi hám ajıratılatuǵın kredit resursları qaytarılıwı boyınsha juwapkershiliktiń anıq tarawları jáne qadaǵalaw mexanizmleri belgileniwin;

Qordıń jumısın shólkemlestiriw ilajların;

birinshi gezekte awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwshilerdiń talapların qanaatlandırıwdı esapqa alǵan halda 2018-jılı mineral tóginler islep shıǵarıw hám satıw balansın tastıyıqlawdı názerde tutatuǵın Húkimetlik qarar qabıl etsin.

Awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwshilerge mineral tóginler satatuǵın kárxanalar ushın 2019-jıl 1-yanvarǵa shekemgi múddette birden-bir salıq

tólemi stavkası 2 procent muǵdarında belgilensin.
Isbilermenlik subektleri, sonıń ishinde, awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwshiler tárepinen alıp kelinetuǵın fosforlı tóginler, sonday-aq, fosforlı tóginler islep shıǵarıw ushın alıp kelinetuǵın fosforit shiyki zatı 2021-jıl 1-yanvarǵa shekem bolǵan múddette bajıxana tólemlerinen azat etilsin, bajıxana rásmiylestiriw jıyımları buǵan kirmeydi.
Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi bir hápte múddette:
«Agrobank» AKBǵa mámleketlik satıp alıwlardıń názerde tutılǵan kólemlerinen artıqsha masaqlı dán jetistiretuǵın fermer xojalıqlarına kreditler ajıratıw ushın jıllıq 5 procent stavka boyınsha depozitke 150 milliard sum muǵdarında jıllıq 10 procentke shekem stavka boyınsha qarjılar ornalastırılıwın;

Qaraqalpaqstan Respublikası byudjetinde hám wálayatlardıń jergilikli byudjetlerinde tómen zúráátli jerlerde paxta shiyki zatın jetistiretuǵın fermer xojalıqların qarjılay qolap-quwatlaw ushın zıyankeslerge qarsı gúresiw jáne ayrıqsha jaǵdaylarda zúrááttiń saqlanıwı boyınsha qarjılardı qaplawǵa respublika byudjetinde názerde tutılǵan qarjılardıń esabınan 100 milliard sum muǵdarında qarjılar qáliplestiriliwin támiyinlesin.

Ózbekstan Respublikası Esap-sanaq palatası (M.Ikramov) hár bir aymaq boyınsha juwapker xızmetkerler belgilengen halda Qordıń qarjıları óz waqtında ajıratılıwı hám olardan maqsetli paydalanıwı ústinen sistemalı qadaǵalawdı támiyinlesin.
Ózbekstan Respublikası málimleme texnologiyaların hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi hám «Agrobank» AKB bir ay múddette Ózbekstan Respublikası nızam hújjetleri talaplarına muwapıq paxta shiyki zatı hám masaqlı dán satıp alıw ushın qarjılar óz waqtında ajıratılıwı hám olardan maqsetli paydalanıwı ústinen real waqıt rejiminde qadaǵalaw imkaniyatın beretuǵın Ózbekstan Respublikası Esap-sanaq palatasınıń «Agrobank» AKBnıń maǵlıwmatlar bazasınan paydalanıwın támiyinlesin.

Ilajlar sózsiz ámelge asırılıwın hám Awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwshilerdi óz waqtında qarjılandırıw boyınsha talaplarǵa sózsiz ámel etiliwin, olarǵa mineral tóginler hám janılǵı-maylaw materiallarınıń zárúr kólemleri jetkerip beriliwin támiyinlew, sonday-aq, olarǵa bahalar spekulyativ tárizde ósip ketiwine jol qoymaw ushın Bas prokuror O.B.Murodovqa, Bas ministrdiń orınbasarları Z.T.Mirzaevqa, J.A.Qwchqorovqa, A.S.Sultanovqa, N.S.Otajanovqa, Ózbekstan Respublikası Esap-sanaq palatasınıń baslıǵı M.M.Ikramovqa jeke juwapkershilik belgilensin.
Awıl xojalıǵı ministrligi Suw xojalıǵı ministrligi, Qarjı ministrligi, Ádillik ministrligi hám basqa da mápdar ministrlikler hám vedomstvolar menen birgelikte Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine nızam hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar boyınsha eki hápte múddette usınıslar kirgizsin.
Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikasınıń Bas ministri A.N.Aripovqa, Ózbekstan Respublikası Esap-sanaq palatasınıń baslıǵı M.M.Ikramovqa hám Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı O.B.Muradovqa júklensin.

Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYOEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 28-fevral

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉

- Ministrler Ken'esi
- Statistikaliq ha'm analitikaliq ma'gliwmatlar
- Ministrlikler ha'm vedomstvolar
- Qala ha'm rayon ha'kimlikleri
- Hu'jjetler
- Respublika miymanlarina
- Elektron hu'kimet
- Interaktiv ma'mleketlik xi'zmetler